*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№-15-16
(9761)

2016 соналъул
24 март

*ХАМИЗ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## МугIрузул районазда республикаялъул бетIерасул цIияв вакил тана

ГIабдулмуслимов ГIабдулмуслим МухIидинович-гьев ккола Республикаялъул бетIерасул мугIрузул районазда, ЗайнулгIабидов МухIамадхIажи Баширхановичасул бакIалда тарав, цIияв вакил.



23 марталъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасулгун ва гьевгун цадахъ вачIарав, сентябралъ рукIине ругел рищиязде нильер районалде вихьизавурав куратор МухIамад МухIамадрасулович Дилиевасулгун районалда ругел учреждениязулгун организациязул хIалтIухъабазул дандчIвай тIобитIана.

Районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас данделъаразул лъай-хъвай гьабуна гьалбадерилгун, къокъго бицана ГIабудлмуслим ГIабдулмуслимовас гьанжелъизегIан гьарурал хъулухъазул ва лъикIаб къимат къуна гьесие инсан хIисабалдаги, тIадкъараб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубалев хIалтIухъан хIисабалдаги. Хадуб гьес рагIи къуна живго ГIабдулмуслимовасе.

-Дун киданиги вукIинчIо велосипедалъул лъабабилеб гьакиберлъун,-ян байбихьана гьес жиндирго кIалъай.-Дица хIаракат бахъана республикаялъе пайдаявлъун вукIине. Гьанжеги хIаракат бахъизе буго мугIрузул районазе божизабураб кумек гьабизе. Я дун, я МухIамад МухIамадрасулович кколаро тIадтарал чагIи, ниж руго кинабгIаги рахьалъ нужее квербакъи гьабизе тарал чагIи.

Нилъеда лъала Республикаялъул бетIерас 2016 сон рагIинабун буго «МугIрузул сонлъун». Гьеб сундуе гIоло рагIинабун бугеб? Аслияб масъала-магIарухъ гIумру цIи гьаби, рехун тарал росаби цIи гьари, гьенире гIадамал тIад руссин.

Гьеб суалалда хурхун рагIинабун буго «Бищунго лъикIаб годекIан» ва «Бищунго лъикIаб цIи гьабураб росу» абураб кIиго конкурсги.

Альпийский мугIрузда, гIадамаз гIи-боцIудалъун яшав гьабулеб бакIалда бугеб рацIцIалъи бихьидал, дун гIажаиблъун хутIана. Гьелъул хабар ккараб бакIалда немцазул цо профессорас абуна ниже нижерго ракь бокьулин ва рацIалъиги гьелъул хIасилллъун кколин. Нилъерги «къалбал» руго магIарухъ, гьединлъидал нилъеца магIарухъ гIумру цIи гьабизе ккола, ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас баркала къуна гьалбадерие.

## РАЙОНАЛЪУЛ БЕТIЕР МУХIАМАД ПАТХIУЛАЕВАСУХЪЕ РАГЬАРАБ КАГЪАТ

Нижер Кьохъ росдал пихъил консервал гьарулеб завод буго мугIрузул районазда тIоцебесеб. Жиб хIалтIизе биччаралдаса нахъе гьениб жаниб хIалтIи боркьулеб букIана щибаб соналда. ХIатта, гьеб хIалтIана ва цIикIкIун планалги тIуразарулаан нилъер районалда пихь бижинчIел соназдаги. Гьединал соназда гьенибе пихъ баччулаан мадугьалихъ ругел республикабаздаса.

Гьеб заводалъе батIи-батIиял соназда ракIбацIцIадго нухмалъи гьабуна 13 чияс. Гьел киналго рукIана къватIисан гIадамал.

Гьеб заводалъ районалъул ва сверухь ругел районазул росабазул пихъ босулеб букIин гуребги, гьелъул кIудияб квербакъи букIана районалда, хасго нижер ва Муни росабалъ ахихъанлъи цебетIезабиялъе. Гьелдаго цадахъ гьелъ кIудияб квербакъи гьабулаан районалъул ахихъанлъиялъулал росабазул гIадамазул экономикиябгун социалияб цебетIеялъеги. Гьел киназулго ахабазукьан цо горогицин туризе течIого, лъикIаб мухьги кьун пихъ босулеб букIана гьеб заводалъ. Щибаб лъагIалида 20-22 миллион шартIияб банка пихъил консервабазул гьабулаан гьениб.

БатIаго гьеб завод квегIенаб ва баракатаб букIана нижер Кьохъ росдал гIадамазе. Лъуна цIиял колхозалъги ва хасал гIадамазги. Гьел лъалъазе чамго километралъул манзилалда Гьамищи кIкIалахъан лъим бачана. 500-ялде гIагарун метраялъ къурулъангицин бахъун буго гьеб лъималъе рахъ. Росдадасан чамго километраялъ рикIкIад бугеб «Гважихъ» абулеб рохьил рацIцIалъиялда 40 гектаралда нижер колхозалъ цIияб ах лъуна.

Гьединго ГIахьвахъ районалъул Ингердахъ росдал лъарахъа ккураб гьеб заводалде щвезегIан бачана лъим. Гьелъ рес къуна «ГIебеда рохьоб» абулеб рацIалъиялдаги 30 гектаралда цIияб ах гьабизе. Гьел ахал лъикI гIуна ва гьарзаго батIи-батIияб пихъ кьолелллъун лъугьана. Гьединго цIиял ахал гьаруна хасал гIадамазги.

ГIага-шагарго гьел киналго ахазукьан бакIарараб пихъ, росулъан къватIибе баччизе ккечIого заводалъе бичулеб букIана.

Гьединаб гIуцIараб ва киназего пайдаяб хIалтIи гьоркьоса къотIичIого унеб букIана Кьохъ заводалда гьелъул директорлъун МухIамад МухIамадсагIидов ккезегIан.

Заводалда батIаго хIалтIи лъикI букIана нижерго чи МухIамадов МуртазагIали директорлъун хIалтIулел соназда. Гьев вукIана М. МухIамадсагIидовасда цеве. Гьес пихъал гьечIел соназдаги течIо завод чIун. Гьес пихъил бакIалда хIлтIизарулаан овощал, байбихьана гьанал консервал гьаризе. Гьел продуктаби (сырье) босулаан районалдасанги ва къватIисанги. Ремонталъулал хIалтIабазе гурони чIезабичIого завод халтIулаан тIубараб лъагIалицаго.

Гьединаб хIалтIуца кIудияб квербакъи гьабулеб букIана росдал гIадамазул яшавалъе гуребги, росдал гIолохъаби хIалтIудалъун хьезариялъеги гьел росулъ чIезариялъеги.

Гьединан хIалтIулев вукIарав директор МуртазагIали МухIамадов нахъе иналъе гIилла лъалеб гьечIо. Абулеб буго дандеккунгутIи букIанилан. Лъилгун? Гьеб суалалъе жаваб щолеб гьечIо жакъаги.

Гьединан хIалтIулебги букIун чIун хутIараб къахъдерил завод хIалтIизабизе хIажалъи гьечIилан абун рагIула дуца, хIурматияв МухIамад Малачиевич. Амма нижее бокьун гьечIо дуца гьедин абунин абураб жоялда божизе. Гьеб чидар пикру батаниги, яги дурго пикру батаниги гьеб мекъаб буго. Щай гурого, росулъ завод хIалтIунгутIи ккола росдал гIадамал хьиза-хьизамалгун къватIире гочине байбихьун рукIиналъе тIоцебесеб гIиллалъун. Халкъалъул гIемераб гIетIги тIун чIарал ахал ракъвалел руго ва гьел цIулалъул бакIалда рухIизе байбихьун руго.

Гьеле, гьединаб гIиллаялъегIаги чIаго гьабизе ккола Кьохъ завод.

ХIурматияв МухIамад Малачиевич, Кьохъ росдал ахал цIуниялъеги, цIиял лъеялъеги ва росулъ завод хIалтIизабиялъеги дуца квербакъи гьаби букIинаан районалъул бетIерасул гьаб 2016 сон мугIрузул сонлъун рагIинабурав Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасул хитIабалъе жаваблъун. ТIоцебесеб иргаялда, заводалъе бажариги гьунарги бугев директорги валагьизе ккола, заводги хIалтIизе биччазе ккола.

Гьеле, гьеб буго нижер росдал гIадамазул мурад.

***МУХIАМАДОВ ГIалиасхIаб.***

# КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИ-НИЛЪЕР ЧIУХIИ ВА НРАВСТВЕННИЯБ МИСАЛ

Нилъер гьайбатаб ВатIанлъун букIараб СССРалде, 1941 соналъул 22 июналда, божуда рекIкIги гьабун ва балъгого фашистияб Германия тIаде кIанцIиялдалъун байбихьараб ва 1945 соналъул 9 маялде щвезегIан халат бахъараб КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ ва гьелъул бахIарчияб БагIараб Армиялъ босараб, дунялалда жеги букIинчIеб гIадаб КIудияб Бергьенлъи ккола ва хутIун буго Россиялъул ва СНГялъул халкъазе гуребги, тIолабго инсанияталъеги кIудияб чIухIилъунги ва нравственнияб мисаллъунги…

Узухъда, гьединаблъун гьеб кидагоялъе хутIизе буго гьеб КIудияб Бергьенлъиялъе гIоло рухIалда барахщичIого ва берал къанщичIого рагъулел рукIарал фронтовиказулги, гьел яргъидалъунги, рагъулаб техникаялдалъунги ва гьединго кванилал продуктабаздалъунги ретIел-хьиталдалъунги хьезариялъе гIоло къасиги къадги хIалтIулел рукIарал саназде рахинчIел гIолилазулги, чIахIияб гIелалъулгун руччабазулги патриотизм, бахIарчилъи, къо хIехьей, цоцалъ букIараб бихи гьечIеб ва ракIбацIцIадаб гьудуллъи, гьунки ва цогидали тIадегIанал нравственниял хасиятал гьанжеселги хадуселги гIелазда кIочене риччан течIонани.

Гьеле, гьеб мурадалъе гIоло гьабулеб хIалтIуе кидаго жиндир къимат хвезе гьечIеб тIадегIанаб нравственнияб мисаллъун ккола Советхалкъалъул КIудияб Бергьенлъи.

1945 соналдаса нахъе санайилго 9 маялда гьеб КIудияб Бергьенлъи кIодо гьабиялъги гьелде гьабулеб хIадурлъиялъги тIолабго улкаялдаго гIадин нилъер районалдаги чIаголъи кьола тIолалго гIадамазе, батIаго гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъулаб хIалтIуе. Амма гьеб хIалтIул кIварги, жавабчилъиги кидаго чIагояблъун букIинабиялъ тIалаб гьабулеб буго дунялалъул халкъазда гьоркьосеб жакъасеб хIалуцараб хIалалъги ва гьелда бан нилъер улкаялъул масъалабазул чIахIалъиялъги…

КIудияб Бергьенлъиялъул къоялде хIадурлъи гIелазе нравственниябгун патриотикияб ва умумузул бахIарчиял ишазул рухIалда тарбия кьеялъул мухъилъе бачиналъе кIудияб кумек щолаан районалда гIезегIан рукIарал КIудияб ВатIанияб рагъул ветераназдасан. Жакъайин абуни гьезул районалдаго 6-7 чи хутIун вуго. Цо-цо росабалъан абуни гьел хутIунго гьечIо.

Гьединаб заманаялда цIикIкIуна школазул учительзабаз, хасго историялъул учительзабаз гьабизе ккола хIалтIи. Узухъда, гьелъул хIаракатчилъиги хIасилги бараб букIине буго щибаб школалъул директорас жинди-жиндир школалъул нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъулаб хIалтIи гIуцIиялъул качествоялда ва бичIчIи буголъиялда.

Советияб заманалда росабалъ учитель вукIана школлъималазе гуребги, росдал гIолилазеги, хIатта чIахIиял гIелазегицин нравственниябгун патриотикияб ва рухIияб тарбия кьолев ва гьеб рахъалъ мисал бихьизабулев чилъун. Гьезул церерахъин гIуцIулаан росабазул нухмалъулезул хIаракатчилъиялда. Жакъайин абуни учителасул тарбия кьеялъулаб хIалтIи класс тун къватIибе лъугьунеб гьечIо. Амма гьелъие гIайибияв учитель гьечIо. ГIайибияв вуго росдал нухмалъулев, ай бетIер. Росабазул киналго бутIрузин абиларо, гIемерисез кинаб бугониги кIвар кьолеб гьечIо жиде-жидер росабазул гIадамазе, хасго гIолохъанал гIелазе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьей гIадаб жидерго тIадаб ишалде. Пачалихъалъин абуни, гьезул бюджетазулъ гIарцулал сурсаталгицин рихьизарун руго. Тарбия кьеялъулаб ишалъул кIварги къиматги бичIчIунарев, яги бичIчIине бокьуларев бетIерас гьелъие гъурщал рихьизарулел ва гьелги цогидал ишазе хIалтIизарулел ругониги гьезде рагIи абулев чи вукIунев гьечIо. Росдал гIун рачIунел гIелазе нравственниябгун патриотикияб ва рухIияб тарбия кьеялъулаб иш гIуцIулеб гьечIо росабазул школазул, мажгитазул, ветераназулал гIуцIалабазул ва культучреждениязул нухмалъулелгун цадахъ лъугьун комплекснияб къагIидаялда.

Цо-цояз абулеб буго жидер росабалъ рагъул ветеранал хутIун гьечIин ва гьелъ захIмалъулеб бугин патриотикияб тарбия кьезе. Гьединазда лъалеб гьечIо КIудияб Бергьенлъиялъул бахIарзал хвананиги гьезул ишалги гьунарги чIаго букIунеблъи. Гьеле, гьелъул хIакъалъулъги КIудияб ВатIанияб рагъулъ Советхалкъалъги гьелъул БагIараб Армиялъги, гьездаго цадахъдагъистаниязгиварайонгун росуцоязги бихьизабураб бахIарчилъиялъулги КIудияб Бергьенлъиялъулги хIакъалъулъ бицинеги ва битIараб рагIи абизе бажарулел чагIи мухь кьуни ралагьизе ва гьезул цере рахъин гIуцIизе ккола росабазул нухмалъулез. Гьениб унго-унгояб гIахьаллъи гьабизе тIадаб буго культучреждениязул хIалтIухъабазда. Росабазулгун школазул библиотекабаз тIоритIизе ккола патриотикиял тIахьаздаса цIалдолезул конференцияби.

Школазда «Патриот» клубал, линейкаби гIуцIи гуребги билълъанхъизабизе лъикI букIинаан рагъул ветераназул наслабазул лъимал-цIалдохъаби жидерго умумул-фронтовиказул рагъулаб нухалъул хIакъалъулъ сочиненияби хъвазе тIами. ЛъикI хъварал сочиненияби цIалдохъабазулгун эбел-инсул собраниязда гьоркьор лъеялъги кьелаан лъикIал хIасилал. Гьединго гьел кьезе бегьула бакIалъулаб телевиденияалдасанги.

ТарбиячагIазда бажаризе ккола патриотизмги, бахIарчилъиги ва нравственниял хасияталги рагъулъ гуребги ракълилаб гIумруялъулъги рихьизаризе бегьулеблъи ва рукIине кколеблъи бичIчIинабизе. Патриоталлъунги бахIарзаллъунги ва нравственнияб рахъалъа бечедаллъунги кколел рукIин пачалихъалъ ва гIадамаз божизабураб ишалда ракIги кверги бацIцIадго ва тIадегIанаб хIаракатчилъиялда хIалтIиги, школалдагун тIадегIанал заведениябазда лъикI цIалиги. Щай гурого, гьеб киналъго квербакъулелъул ВатIан кинабго рахъалъан цебетIезабиялъеги халкъалъул яшав лъикIлъизабиялъеги гуребги жидерго мисалалдалъун цогидазе тарбия кьеялъеги.

«Цо гIакъилав чияс дида абуна,- ян абуна РФялъул Президент В. Путиница,- «бищунго кIудияв патриотлъун ккола пачалихъияб хIалтIуда цIогьодуларев ва гьеб биччаларев нухмалъулев»,-ян.- Гьеб битIараб буго».

ГIадамазе, хасго гIун рачIунел гIелазе нравственниябгун патриотикияб ва рухIияб тарбиялъул рахъал гIемерал руго. Дун божарав вуго, цого лекциябазгун гара-чIвариязгун, батIи-батIиял дандчIвазгун вечеразги тарбия кьеялъулъ хIажатал хIасилал кьунгутIиялда. Гьединал тадбиразда цадахъ чара гьечIого хIажаталлъун ккола цогидал рахъалги. Гьел ккола нравственниялгун патриотикиял бечелъабазул рахъалъ сверухъ ругел чIахIиял гIелазул чIагояб мисал, хасго росабазул ва пачалихъиял структурниял гIуцIалабазул нухмалъулезул, букIинеселде божилъи букIин, ритIухълъи, мухьилазеги нухмалъулезеги закон цого къагIидаялда хIалтIулеб букIин, гIолилазе хIалтIизе бакIал рукIин, школа лъугIун хадуб цIализе иналъе кумек ва гьеб гьелде цIикIкIун хIажатазе щвей, гIолохъанал хъизамазе ругел бигьалъаби тIатараллъун рукIин ва цогидалги шартIал.

ГIадамазе, хасго гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъе кIудияб квербакъулеблъун ккола «Рагъулгун захIматалъул рецщалъул» музей. Гьелъул буго социалияб кIварги. Гьелъ квербакъула росабазул гIолилал цоцалъ гъункиялъеги цоцада лъаялъеги. Гьеб кинабгоги бичIчIун, 20-30 соналъ цебе районалда гIуцIун букIараб бечедаб музей, гьелъул кIваралде пикру кьечIев районалъул бетIерасул рахъ кквеялдалъун кибе араб лъачIого тIагIана.

Музеялъул кIвар бичIчIунел гIадамалго ратиларин балъхъал абураб пикруялъ батилаха, нилъ кьижун рахъинелде райцентралда милициялъул хьолбохъ букIараб некIсияб 4 гIарадаялъул 2- гояб хундерица жидерго музеялда лъезе бикъун батана. Амма хадув вахъунев чиго ватичIо…

Районалъул гIун бачIунеб гIелалъегъваридаблъайгунтарбия кьеялъул ва гьелъие шартIал гIуцIиялъул суалазде хасаб кIвар кьолев вугониги цересел бутIруздасан мисал босарав кинниги районалъул гьанжесев бетIер М. ПатхIулаевасеги, гIилла лъаларо, музеялъул суал тIубазабизе бокьулеб гьечIин ккола. БитIараб-гьереси лъаларо, гьаб, районалъул гIадамазги Дагъистаналъул БетIерасги кIиабилеб нухалъги божилъи гьабураб, заманалда гьеб суал тIубазабиялде босун бугин районалъул бетIерасян рагIана.

Гьеб кутакалда лъикI буго. Жидер музеял ругел районазулаздасан цIикIкIун моралиялги материалиялги ресал руго нилъер районалъул музей гIуцIиялъе…

Гьелъие кумек гьабизе бегьула музеялъулаб ишалде рокьиги бугел, гIемерал тарихиял экспонаталги рукъо-рукъор ругел районалъул цо-цо патриотазги. Гьеб гIуцIиялъулъ хIаракатаб гIахьаллъи букIине ккола росабазул бутIрузулги ва школазул нухмалъулезулги. Щай гурого, гьеб музей лъугьине бугелъул районалъул киналго росабазул гIун рачIунел гIелазе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъул централъун.

КигIан кIудияб сайгъатха букIинеб гьеб КIудияб Бергьенлъиялъеги ва районалъул гIелазеги!

*Ш. ЛАБАЗАНОВ, журналист.*

# Родителям: как уберечь наших детей от наркотиков?

Химическая зависимость - это болезнь. Учитывая сложившуюся ситуацию в нашей с употреблением подростками наркотических средств, поднимается вопрос о необходимости доверительного, внимательного диалога между специалистами, занимающимися профилактикой наркозависимостей у подростков и вами, дорогие друзья!

Начать разговор хочется с того, что стоит подумать над изменением общественного мнения в отношении наркотиков и алкоголя. Вы - часть этого мнения, поэтому важно то, насколько вы реально воспринимаете близость проблемы употребления детьми и подростками наркотических средств. Реально оцените ситуацию в регионе, городе, районе, дворе. Стоит начать с изменения мнения о том, что «все это далеко и не с нами и нашими детьми», на утверждение: «Если это касается соседского парня, это касается меня и моего ребенка уже сейчас».

Психологами замечено, что для детей гораздо важнее то, как окружающие относятся к его поведению и образу жизни, чем сохранение своего здоровья. Родители и педагоги могут стать значимой частью этого мнения при одном условии: вы должны иметь авторитет в глазах собственных детей. Воспитание детей - это трудное искусство. Гораздо проще обеспечивать их материальное благополучие: одежду, вкусную еду, красивые игрушки, чем учить общаться и дружить с другими людьми - сверстниками, младшими и старшими.

Невозможно понимать друг друга, если:

— нет общения, общих интересов;

— нет интереса к успехам друг друга, признания побед и поддержки при поражении;

— нет ежедневного живого контакта между детьми и взрослыми;

— не признаются и не соблюдаются нрава детей и подростков;

— взрослые стараются опекать детей или подростков до такой степени, что лишают их возможности решать что-либо самостоятельно.

Только в случае, если вы смогли завоевать авторитет у своего ребенка, ваше мнение, в том числе и об употреблении наркотиков, будет для него значимее, чем мнение его сверстников или кого-то еще.

Часто причиной обращения подростков к наркотикам является отсутствие умения справляться со стрессовыми, эмоциональными и физическими нагрузками, которые особенно возрастают у учеников старших классов. Развитие у ребенка этих навыков необходимо начинать с самого раннего детства. В этом родителям и педагогам могут помочь наркологи, психиатры и психологи. Именно они проконсультируют, обеспечив Вас необходимой информацией о психогигиене, о том, как можно помочь вашим детям справиться со стрессами и нагрузками.

Употребление подростками психоактивных веществ называется специалистами проблемным поведением. Поэтому имеет смысл поговорить о поведении безопасном.

В настоящее время сформировать у ребенка негативное отношение к употреблению наркотиков и алкоголя, научить его противостоять физическим и психическим нагрузкам, выработать у него стойкое мнение о том, что будущее за здоровыми, высокообразованными людьми - это многое, но не все. Необходимо создать для ребенка или подростка возможность действовать. В противном случае все приведенное выше может оказаться безрезультатным.

Возможность действовать - это стимуляция и поддержка взрослыми реализации интересов подростка, в том числе и материально-деятельная: занятия искусством, спортом, науками, трудом.

Для того чтобы уберечь детей от употребления наркотических веществ, Вам также необходимо знать о первых признаках болезни и появления зависимости. На что Вам нужно обращать внимание?

Многие пункты приведенного ниже теста касаются не только подростков и молодых людей. Бывает так, что в наркозависимость попадает один из взрослых членов семьи. Если налицо 10 и более признаков, особенно пункты 29, 33, 34, то есть все основания задуматься: вероятно, наркотики уже в вашем доме.

1. Частые, но короткие и туманные телефонные разговоры с одним и тем же узким кругом приятелей. Так происходит выяснение, сколько у кого денег, есть ли надежда достать еще.

2. Резкое снижение успеваемости.

3. Неспособность внятно ответить на вопрос: что нового было сегодня в школе, в ВУЗе.

4. Потеря интереса к старым увлечениям - спорту, коллекционированию, чтению, музыке.

5. Участившиеся прогулы занятии или рабочих дней.

6. Возвращение с дискотеки, вечеринки или после другого развлечения в странном состоянии.

7. Различного рода противоправные действия.

8. Кражи вне дома.

9. Пропажа из дома денег, ценностей, книг, одежды, радиоаппаратуры и т. д.

10. Участившееся выпрашивание денег у родственников.

11. Наличие значительных денежных сумм без объяснения причины их появления.

12. Частые резкие и непредсказуемые (без видимых причин) смены настроения.

13. Раздражительность, нигилизм, агрессивно-критическое отношение к обычным ситуациям и событиям.

14. Самоизоляция в семье: ребенок избегает родителей, по телефону отвечает украдкой, избегает участия в семейных делах. Четко выраженное уклонение от домашнего общения, неожиданное пренебрежение домашними правилами. Неучастие в семейных праздниках. Нарастающая напряженность в семейных взаимоотношениях.

15. Скрытность, уединенность, невеселая задумчивость.

16. Уход в весьма длительное прослушивание музыки или, наоборот, резкий отход от привычки слушать музыку.

17. Нарастающая лживость.

18. Потеря энтузиазма, безразличие, безынициативность («потухшие глаза»).

19. Высказывания о бессмысленности жизни или «живи быстро, умри молодым».

20. Интерес к разговорам о наркотиках.

21. Общие психические изменения: потеря памяти, неспособность мыслить логически, объяснять свои поступки и их причины.

22. Похудание с возможной потерей аппетита.

23. Неряшливость. Отказ от утреннего туалета. Не заинтересованность в смене одежды. Могут появиться татуировки и рисунки на руках.

24. Потеря сексуального влечения.

23. Нежелание заводить новых друзей («Мне они неинтересны»).

26. Резкое повышение хитрости и изворотливости.

27. Внешний вид нездорового человека, бледность, отечность. Покраснение глазных белков, коричневый налет на языке.

28. Бессонница, быстрая повышенная утомляемость, сменяющаяся необъяснимой энергичностью.

29. Следы уколов - маленькие красные точки, как правило, в районе вен, особенно на руках.

30. Частые синяки, порезы, ожоги от сигарет в районе вен на руках, не находящие удовлетворительного объяснения («просто упал, сам не знаю откуда»).

31. Убежденное отстаивание свободы употреблять наркотики.

32. Странные «посторонние» запахи от волос и одежды.

33. Чрезмерно расширенные или суженые зрачки (например, героин сужает, а «винт» и кокаин расширяют зрачки - эффект вытаращенных глаз). Для правильной оценки нужно помнить, что размеры зрачка у разных людей индивидуальны - у одних больше, у других меньше, кроме того, они зависят от уровня освещенности. Поэтому необходимо определить и запомнить естественный размер зрачков при стабильном освещении. Плохим признаком является отсутствие заметной реакции зрачка (сужение-расширение) при резкой смене освещенности. Попросите посмотреть прямо на лампу и тут же отвести глаза в сторону - реагирует ли зрачок. Однако, насколько это возможно, избегайте конфликтов при этой неприятной проверке, постарайтесь убедить, что хотите помочь.

34. Наличие шприцев, игл, законченных ложек или посуды, флаконов марганцовокислого калия, уксусной кислоты, ацетона, кристаллического йода, красного фосфора, щелочей, растворителей, неизвестных вам таблеток, порошков, соломки, трав и пр., особенно когда все это прячется в укромные места.

33. Ночные ОТСУТСТВИЯ.

При выявлении этих признаков необходимо обратиться к врачу-наркологу за консультацией и информацией о возможной медицинской и психо-социальной помощи для наркозависимых в вашем регионе. Опираясь на опыт, можно отметить: родители и педагоги замечают, что подросток употребляет наркотики, только спустя несколько месяцев, а то и лет. К тому же первая реакция обычно связана с запугиванием подростка и попыткой скрыть происходящее от окружающих, что обычно еще больше усугубляет ситуацию.

Когда вы встретитесь с употреблением наркотиков подростком, постарайтесь убедить его в том, что ему нужна дополнительная информация о действии наркотиков на организм, о возможности перестать употреблять их, помощь и консультация специалиста. Сделайте это максимально тактично. Как важный мотив для него должно звучать, что вы его любите и хотите помочь.

СМИ усердно информировали нас о том, что в Санкт-Петербургском Институте Мозга хирургическим путем лечат наркоманию.

Оказывается, не только там, но и в Новокузнецке. Мнение Ученого Совета МЗ РФ об этом – ниже. Нам же хочется отметить два момента:

1) Подразумевает ли критерий “многократность стационарного лечения и его неэффективность”, что после выведения пациента из состояния абстиненции последний проходил полный курс психологической реабилитации или же это “стационарное лечение” ограничивалось элементарной ломкой? Предполагаем, что в 1998 году пациенты не проходили реабилитационных программ, т.е. успех данного метода фактически является успехом не нейрохирургов, а психологов.

2) Наркомания – пример сложного социального поведения, которое не объясняется моделью локализации психических функций, в частности, функции удовольствия, в мозге. Клиницистам известно, что наркоманы употребляют наркотики не для удовольствия, а для купирования периферических проявлений абстиненции. Удовольствие же люди получают на этапе формирования зависимости, когда о лечении речь еще не заходит. Реальные последствия подобной операции заключаются в формировании психоорганического синдрома, для чего требуются 5-10 лет. Следовательно, лечить наркоманию с помощью нейрохирургических методов вряд ли представляется возможным.

## ОПАСНО-НАРКОТИК

**Подросткам - информация к размышлению**

Ты пробуешь наркотики потому, что хочешь быть взрослым, сильным и свободным?

Будь таким... и прочти эту страницу до конца. Не бойся!

На этой странице судьба наркомана.

**1. Наркотики - это ловушка**

Стоит попасть в нее, завязнешь как в трясине, и обратный ход очень затруднен. Вначале ты сможешь выбраться сам, но очень скоро - только с помощью профессионалов. Но и у них бывают неудачи.

А ЕСЛИ НЕУДАЧА - ЭТО ТЫ САМ.

**2. Наркотик - это самообман**

Наркотики никогда не решают ни одной твоей проблемы любви, творчества, работы, душевной тревоги. Ты уйдешь «в себя» а проблемы останутся нерешенными. Правда со временем проблемы исчезнут, но... вместе с тобой.

**3. Ведь наркотики - это медленное самоубийство**

Старых наркоманов не бывает, почти никто из них не доживает до 30 лет, чаще всего умирают через 3-4 года, смерть наркомана уродлива и мучительна.

**4. Наркотик - это тюрьма**

Наркоман готов на все ради дозы, в том числе и на преступление, многие занимаются торговлей, распространением наркотинов - это суровая статья уголовного кодекса и неминуемое наказание.

**5. Наркотик - это тяжелые болезни**

Это СПИД - чума XX века и все виды гепатитов (передача через иглу) это гипертония, инфаркт в юном возрасте. Это общее ослабление организма, опасное для любой болезни.

**6. Наркотики - это больной мозг**

Это означает неустойчивое, опасное для окружающих поведение смятение и депрессия, зрительные, слуховые и осязательные галлюцинации. Это наркотический психоз, потеря связи с реальностью.

**7. Наркотик – это отказ от любви**

Любовь - главное счастье юности. Наркотик делает юношу импотентом, а девушку фригидной. Наркоман не будет иметь семью, не будет иметь детей. Если последнее произойдет - это еще страшней, велик шанс, что дети будут уродами.

**8. Наркотики - это предательство**

Наркоман способен предать всех и все за дозу. Друзей, родителей, любимого человека. Предательство - самое позорное дело для человека. Не стоит считать: я сильный и честный, я не предам. Наркотик окажется сильнее.

**9. Наркотик - это потеря всего**

Мы назвали главные последствия. Можно было и не перечислять. На самом деле наркоман теряет все: семью (кроме несчастных родителей) друзей, работу, имущество, здоровье. Остается жизнь, да и то не надолго.

**ИНОГО ВАРИАНТА НЕ СУЩЕСТВУЕТ!**

**Все, что написано – правда! Главное - ты сам это знаешь!**
**Твоя судьба в твоих руках.**
**Не сможешь справиться сам - приходи к нам.**
**Мы знаем, как тебе помочь.**

### *ОСТОРОЖНО – НАСВАЙ!*



***При кустарном изготовлении насвая кроме табака, пищевых продуктов и добавок в него добавляют золу растений, куриный помет. Зола изменяет кислотность среды и увеличивает всасывание никотина в кровь через слизистую оболочку рта.***

***80% людей, страдающих раковыми заболеваниями губы, языка или гортани, употребляют насвай. Щелочь, входящая в состав насвая, разъедает слизистую желудка, способствует развитию гастрита, а в дальнейшем и язвы желудка.***

***Насвай можно отнести к числу психотропных веществ. Его употребление подростками отражается на их психическом развитии снижается восприятие и ухудшается память, дети становятся неуравновешенными.***

***Со временем насвай уже не будет на них действовать опьяняюще, и потребуются более сильные стимуляторы.***



С 14 по 25 марта 2016 года проводится I этап Всероссийской антинаркотической профилактической акции «Сообщи, где торгуют смертью!».

Уважаемые граждане! В целях принятия мер профилактического характера, просим Вас сообщить о фактах изготовления, распространения, сбыта и потребления наркотиков, об организации наркопритонов в подвалах домов, в подъездах, во дворах и в отдельных квартирах по телефонам.

1. Управление ФСКН России по Республике Дагестан:
ул. Абубакарова 115 «а» тел. 63-01-10 и 64-12-16.

2. Республиканский наркологический диспансер:
ул. Ш. Руставели 57 «в» тел. 63-06-17 (с 8 до 18 ч.) и 64-28-90 (круглосуточно).

3. Республиканский центр медицинской профилактики:
ул. Аскерханова 1 «а» тел. 64-34-91 и 64-34-36 (с 9 до 18 часов).

4. Аппарат антинаркотической комиссии в Республике Дагестан: тел. 51-72-28.

5. Ботлихский Межрайонный Отдел. 8 (271) 2-20-98 и 8-963-370-73-92 (круглосуточно).

6. ОМВД России по Ботлихскому району. 8 (271) 2-20-32 ( круглосуточно).

АНОНИМНОСТЬ ГАРАНТИРУЕТСЯ

Ботлихский МРО УФСКН России по Республике Дагестан
